



DOUB ENSKRIPSYON YON LONGÈ DAVANS POU JWENN YON KREDI INIVÈSITÈ

**Elèv ki enskri nan College Now
yo gen 3 fwa plis chans pou yo
dekwoche yon diplòm lisans**

**Pwogram doub enskripsyon
yo ofri elèv ki nan lekòl
segondè yo opòtinite pou yo
resevwa kredi inivèsitè
pandan yo nan lekòl segondè
toujou, sa ki ap ba yo yon
longè davans sou edikasyon
inivèsitè yo. Nan Vil New
York (NYC), genyen plizyè
opsyon doub enskripsyon ki
disponib pou elèv yo
eksplòre.**



**Resevwa kredi inivèsitè anvan lekòl
segondè ak gradyasyon**



**Gentan pare pou invèsite anvan
gradyasyon nan lekòl segondè**



**Chèche enfòmasyon sou inivèsite a
ak sou pwosesis ak aksè pou
fòmasyon pwofesyonèl la**

KI OPSYON KI EGZISTE NAN NYC?

College Now, se yon pwogram tranzisyon inivèsite GRATIS pou elèv ki nan lekòl segondè nan Depatman Edikasyon nan Vil New York (NYC DOE), ki te kòmanse nan prentan 1984 nan Kingsborough Community College ak 449 elèv. Jounen jodi a, plis pase 22,000 elèv ki soti nan plis pase 470 lekòl segondè nan NYC DOE patisipe nan College Now.

Lekòl P-TECH yo afilye ak yon lekòl kominotè CUNY e ofri elèv yo opòtinite pou yo pran kou pou yo dekwoche yon diplòm Asosye, san elèv la pa peye anyen. Chak lekòl ki gen Klas 9yèm ane jiska 14yèm ane (Grades 9-14) travay ansanm tou ak patenè endistriyèl prensipal yo pou ede elèv yo eksplòre karyè yo epi akeri konpetans ki nesèsè pou yo travay nan endistri STEM yo.



Resevwa kredi inivèsite anvan lekòl segondè ak gradyasyon

Kou ki kredite nan inivèsite pou kou ki prereki ak kou ki fakiltatif yo



Gentan pare pou inivèsite anvan gradyasyon nan lekòl segondè

Kou preparasyon pou antre nan inivèsite, atelye preparasyon pou antre nan inivèsite ak kou preparasyon pou antre nan inivèsite



Jwenn enfòmasyon sou inivèsite ak pwosesis ak aksè pou karyè

Kou sansibilizasyon ak aksè nan inivèsite, seminè pou premye ane yo, devlopman elèv la ak vizit kanpis yo

CHÈCHE KONTAK COLLEGE NOW OU A

Si w pa ka jwenn lekòl segondè w la ak/oswa kontak li lè w eskane kòd QR la, ou ka kontakte CollegeNow nan collegenow@cuny.edu.

Si w gen kesyon konsènan patenarya FutureReadyNYC yo, kontakte Lekòl Piblik Vil New York (NYC Public Schools) yo nan futurereadynyc@schools.nyc.gov.

Lekòl ki patenè yo ap gen non liyezon (kontak) College Now la ki pral ede w enskri nan yon kou. Si pa gen yon liyezon nan lis la, oswa si lekòl ou a pa afilye ak yon pwogram, ou ka kontakte pwogram College Now ke w vle patisipe ladan an dirèkteman.

CHÈCHE



KOUNYA